Kijan mwen ka swiv dosye vaksinasyon mwen an?

Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon New Jersey (New Jersey Immunization Information System, NJIIS) la ka swiv dosye ou a. Mande pwofesyonèl swen sante w si vaksen ou yo te anrejistre nan NJIIS pou ede detèmine ki vaksen ou bezwen ak kilè ou bezwen yo. Pou aprann plis sou NJIIS, vizite njiis.nj.gov.

Aplikasyon Docket la se yon lòt bon zouti ki konekte dirèkteman ak NJIIS pou bay dosye vaksinasyon ki ajou. Ou ka itilize aplikasyon Docket la pou bay prèv vaksinasyon lè sa nesesè. Vizite myhealthnj.com/.

Ou enkyete pou pri vaksen yo?

Pifò plan swen sante peye pou vaksen yo rekòmande yo. Tcheke ak plan asirans ou oswa ak pwofesyonèl swen sante w lan. Si ou pa gen asirans, pale ak Depatman Sante Lokal ou a pou idantifye kote ki ka ofri vaksen pou yon pri ki ba oswa gratis.



Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- **Pwofesyonèl swen sante ou a**
- **Depatman Sante Lokal (Local Health Department)** nj.gov/health/lh/community
- **Depatman Sante New Jersey - Vaksen** nj.gov/health/vaccines/
- **Immunization Action Coalition** immunize.org/
- **American Academy of Family Physicians - Orè Vaksinasyon pou Adilt** bit.ly/4tZaMYK





Vaksinasyon pou Adilt

Vaksinasyon nesesè pandan tout lavi a. Pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo.

Èske ou ajou?

NJHealth
New Jersey Department of Health

Poukisa adilt yo bezwen vaksinasyon?

> **Ou ka gen risk pou maladi grav.** Chak ane, dè milye adilt Ozetazini malad akòz maladi vaksen te ka anpeche.

> **Ou pa ka pran risk pou ou malad.** Lè ou malad, sa ka fè ou rate travay, lekòl, ak tan ak fanmi ak zanmi.

> **Ou ka pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo.** Gen anpil bagay ou vle transmèt bay moun ou renmen yo, men yon maladi vaksen ka anpeche pa youn ladan yo.

> **Ou ka vwayaje fasil san ou pa enkyete pou ou malad.** Sa ka gate plan yo epi sa ka koute chè si ou malad pandan vwayaj.

> **Ou ka pwoteje tibebe ou a.** Vaksen kont grip, Tdap, COVID-19, ak RSV yo bay pandan gwosès ede anpeche maladi grav lakay tibebe yo, pandan y ap pwoteje manman an tou.



Vaksen yo Rekòmande pou Adilt

Grip - yon dòz chak ane, dòz fò rekòmande pou adilt ki gen 65 an oswa plis

COVID-19 - omwen yon dòz pa ane

Tetanòs, difteri, koklich (Tetanus, diphtheria, pertussis, Tdap/Td) - yon dòz epi apre sa yon dòz rapèl chak 10 ane

Polyo (IPV) - 3 dòz

Papilomaviris imen (Human Papillomavirus, HPV) - 2 oswa 3 dòz, selon laj ou te genyen lè ou te kòmanse vaksen an.

Varisèl (Varicella, VAR) - 1 oswa 2 dòz

Epatit B - 2 a 4 dòz

Lawoujòl, malmouton, ribeyòl (Measles, Mumps, Rubella, MMR) - 1 oswa 2 dòz

POU GRANMOUN KI PI AJE YO

Zona (Zoster/Shingles, RZV) - 2 dòz

Pneumococcal (PCV15, PCV20, PPSV23) - 1 oswa plis dòz

Viris Sinisyal Respiratwa (Respiratory Syncytial Virus, RSV) - 1 dòz

Sa a bay lis vaksen yo rekòmande pou granmoun selon laj epi pou moun ki pa gen prèv vaksinasyon. Yo ka bay lòt vaksen selon risk oswa pwoblèm sante yon moun, travay li, vwayaj li, oswa fason li viv. Toujou konsilte doktè w oswa famasyen w pou konfime bezwen espesifik ou yo.



Èske vaksen yo san danje?

Yo teste vaksen yo pou sekirite anvan yo resevwa lisans epi yo kontinye siveye efè segondè yo atravè Sistèm Rapòte Evènman Endezirab apre Vaksinasyon (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS).

Apre vaksinasyon, kèk moun ka gen efè segondè lejè tankou yon ti lafyèv oswa doulè nan kote yo te fè piki a. Reyaksyon grav yo ra.

Kijan mwen ka swiv dosye vaksinasyon mwen an?

Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon New Jersey (NJIIS) la ka swiv dosye ou a. Mande pwofesyonèl swen sante ou a si vaksen ou yo te anrejistre nan NJIIS pou ede detèmine ki vaksen ou bezwen ak kilè ou bezwen yo. Pou aprann plis sou NJIIS, vizite njiis.nj.gov.

Aplikasyon Docket la se yon lòt bon zouti ki konekte dirèkteman ak NJIIS pou bay dosye vaksinasyon ki ajou. Ou ka itilize aplikasyon Docket la pou bay prèv vaksinasyon lè sa nesesè. Vizite myhealthnj.com/.